# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–23 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

पूर्व प्रधानमंत्री भारत रत्न चौधरी चरण सिंह क जयंती आजु पूरा प्रदेस में किसान सम्मान दिवस के रूप में मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेस विधानमण्डल परिसर में आयोजित कार्यक्रम सामिल भइलें। अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री चौधरी चरण सिंह के व्यक्तित्व अउर कृतित्व क जिकिरि कइलें। उहां के कहलीं कि डबल इंजन के सरकार में पछिला आठ बरिस में प्रदेस क कृषि विकास दर अठारह फीसदी हो गइल हौ। किसानन के सासन के हर योजना क लाभ प्राथमिकता के आधार पर उपलब्ध करावल जा रहल बा।

***चौधरी साहब की स्मृति को जीवंत बनाए रखने के लिए लखनऊ में एक सीड पार्क बन रहा है। आधुनिक तकनीक पर आधारित उत्तम क्वालिटी का सीड प्राप्त हो सके। मेरा मानना है कि अच्छी क्वॉलिटी का बीज अगर किसान को समय पर मिल जाए और समय पर खेती करे तीस फीसदी आपका उत्पादन बढ़ सकता है।***

येह मौका पर श्री योगी मुख्यमंत्री कृषक उपहार योजना के तहत किसानन के ट्रैक्टर बंटलें। सथहीं उहां के कृषि क्षेत्र में बढ़ियां काम करे वाले प्रगतिसील किसानन, संगठनन, अधिकारियन आ वैज्ञानिकन के सम्मानितो कइलीं। वाराणसी आ इटावा के सथहीं प्रदेस के कुछु अउरियो जिलनों में किसान सम्मान दिवस पर कई गो कार्यक्रम आयोजित कइल गइल।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी वाणिज्य आ उद्योग मंत्री पीयूष गोयल क एगो लेख के साझा करत हलिये में भइल भारत–न्यूजीलैण्ड मुक्त ब्योपार समझौता के एगो इतिहासिक उपलब्धि बतवले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि ई भारत क पहिला महिला अगुआई वाला समझौता हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो एगो सोसल मीडिया पोस्ट में भारत–न्यूजीलैण्ड मुक्त ब्योपार समझौता के महातम क जिकिरि कइले हवें।

**********

कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहले हवें कि रोजगार सृजन आ पुरहर ग्रामीण विकास से जुड़ल भरपूर निधि सुनिस्चित करे बदे विकसित भारत जी–राम–जी अधिनियम में एक लाख एक्यावन हजार करोड़ रूपिया से बेसी के आवंटन क प्रस्ताव बा। एगो वीडियो सनेसा में श्री चौहान कहलें कि ई योजना मनरेगा क अगिला कदम हौ।

***विकसित भारत जी राम जी योजना मनरेगा के आगे का कदम है। मजदूर भाईयों सौ दिन की नहीं अब एक सौ पच्चीस दिन काम की गारंटी है। कानूनी गारंटी और काम नहीं तो बेरोजगारी भत्ते के प्रावधान को और सशक्त बनाया गया है। मजदूरी अगर देर से मिली तो अतिरिक्त राशि देने का प्रावधान है।***

**********

लखनऊ जंक्सन पर निरमाण कार के नाते प्रदेस आ पड़ोसिहा राज्य बिहार से जुड़ल कुछु खास ट्रेनन क संचलन परभावित भइल बा। एगो रिपोर्ट–

***गोरखपुर से चलने वाली गोरखपुर–लखनऊ–गोरखपुर जंक्शन इंटरसिटी अब पांच जनवरी दो हजार छब्बीस तक लखनऊ जंक्शन के स्थान पर केवल ऐशबाग तक ही चलेगी। छपरा से चलने वाली चलने वाली छपरा–लखनऊ जंक्शन एक्सप्रेस चार जनवरी दो हजार छब्बीस तक अब लखनऊ जंक्शन के स्थान पर केवल गोमतीनगर स्टेशन तक चलेगी। लखनऊ जंक्शन से चलने वाली लखनऊ जंक्शन–छपरा एक्सप्रेस पांच जनवरी तक लखनऊ जंक्शन के स्थान पर अब गोमतीनगर से चलाई जाएगी। गोरखपुर से चलने वाली गोरखपुर–ऐशबाग एक्सप्रेस पांच जनवरी दो हजार छब्बीस तक ऐशबाग के स्थान पर केवल गोमतीनगर तक ही चलेगी। वहीं ऐशबाग से चलने वाली ऐशबाग–गोरखपुर एक्सप्रेस पांच जनवरी दो हजार छब्बीस तक ऐशबाग के स्थान पर गोमतीनगर से चलाई जाएगी। लखनऊ से मुमताज अली की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

वाराणसी के सिगरा में डॉ संपूर्णानंद स्पोर्ट्स स्टेडियम में अखिल भारतीय आमंत्रण प्राइजमनी पुरुष फुटबॉल प्रतियोगिता आजु से सुरू हो गइल। उद्घाटन मैच सीआईएसएफ दिल्ली काली जर्सी आ यूनाइटेड क्लब सिवान पीली जर्सी के बिच्चे खेलल गइल। वाराणसी के क्षेत्रीय खेल कार्यालय के ओरि से तीस दिसम्बर ले ई प्रतियोगिता आयोजित कइल जा रहल बा।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी आ पच्छिमी जिलन में सत्ताइस दिसम्बर ले घना से ले के ढेरे घना कुहेसा परले क धिरवनिया दिहले हौ। येह दौरान मौसम सुस्क रही। विभाग के हिसाबि से प्रदेस के न्यूनतम तापमान में अगिला दुइ दिन में धीरे–धीरे दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस के गिरावट क अनुमान बा। येह बिच्चे, घना कुहेसा आ कड़ेर ठंडी के नाते जन–जीवन पर पुरहर असर पड़ि रहल हौ। जिला प्रसासन के आदेस पर श्रावस्ती जिला में आजु कक्षा आठवीं तक क स्कूल बन्द रहलें। ओहीं जौनपुर जिला में प्रसासन की ओरि से इंटर तक क सज्जो स्कूल बिहने ले बन्द दखले क निरदेस दीहल गइल बा।

**********